Kebon Botani Tropenburg

Kebon Botani Trompenburg iku sawijining kebon botani sing manggon ing kutha Rotterdam, Walanda, sing isiné tuwuhan woody lan uga tuwuhan herbaceous. Kebon botani iki jembaré 7 hektar lan manggon pas 4 mèter sak ngisoré lumahing segara, saéngga sawijining sistim kanal dipatrapna kanggo nggaringaké areané. Kebun botani iki diwiwiti ing abad angka 19, lan wiwit taun 1958 dibukak kanggo sapa waé kanthi bayar sethithik. Kebon botani iki uga duwé sawatara jinis tuwuhan nasional nagari Walanda, kaya ta *Conifers*, *Quercus*, *Fagus*, *Rhododendron*, *Ligustrum*, *Rodgersia* lan *Hosta*.

Kebon Botani Trompenburg

Informasi Umum

Panggon	Rotterdam, Nèderlan
Koordinat	-
Taun madeg	1800
Dioperasiaké	Pamaréntah kutha Rotterdam
Status	Sapa baé éntuk mlebu, nanging ada biayane

Pranala njaba

- Situs resmine (http://www.trompenburg.nl/)

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Kebon_Botani_Tropenburg&action=edit).

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Kebon_Botani_Tropenburg&oldid=1493562"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 08.35, 25 Sèptèmber 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.